# «ҚАРАҚАЛПАҚФИЛЬМ» КИНОСТУДИЯСЫ ТАРИЙХЫНАН

**Юсупбаев Махмут Гайопович**
Өзбекстан Мәмлекетлик көркем-өнер ҳәм мәдениат институты Нөкис Филиалы
«Режесура хәм актёр шеберлиги кафедрасы» оқытыўшысы

https://doi.org/10.5281/zenodo.7140422

***Аннотация***. *Белгілі жазушы Шыңғыс Айтматов кино өнерін өнер түрлерінің ең синтезі десе, қарақалпақ кино өнері біздің өнер саласының ең жасы болып саналады. Қорақалпақстанда кинематографияның пайда болғанына көп уақыт болмағаны сияқты, кино өнерінің тарихы да ұзақ емес сияқты. XIX ғасырдың басында өзбек киносының ірге тасын қалаған деректі фильмдердің негізін салушы, белгілі кинематограф Худойберган Девонов түсірген кадрлардың көптеген дереккөздері бар. Өзбекстанның кино архивінде 1940 жылдары Худойберган Девонов түсірген Аббаз Дабыловтың кадрларын кездестіруге болады [Оразбай Абдурахманов] 1935-1940 жылдары Өзбекстан Республикасында кино саласын дамытқан, операторлық қызметке кіріскен ұлы кинематограф Мәлік Қаюмовтың шәкірті Нағмет Дауғараев қарақалпақ кино өнерінің негізін салушылардың бірі болып саналады. Оператор, режиссер, сценарист Нағмет Дәуқараев киноға қатысты барлық мамандықты жетік меңгерген жан [О.А.]. Қарақалпақстан Республикасы халық шаруашылығының, әдебиет пен өнердің жедел қарқынмен дамып келе жатқанын ескере отырып, кинематографияда қарақалпақ халқының тұрмыс-тіршілігін жан-жақты көрсету мақсатында Өзбекстан Республика Министрлер Кабинети кинематография бойынша мәмлекетлик комитетиниң 1970-жыл 19-февраль күнги 45-санлы қарары менен Нөкис қаласында Өзбекстан дерекли ҳәм илимий-көпшілік киностудиясының Қарақалпақстан филиалы ашылды.*

***Негізгі сөздер:*** *киностудия, сценарий, фильм, оператор, камера, режиссер, дубляж, синхронды процесс, актер. өнер сахнасының маманы шәкірті.*

# ИЗ ИСТОРИИ КИНОСТУДИИ "КАРАКАЛПАКФИЛЬМ"

***Аннотация***. *Извесный писатель Чингиз Айтматов кино искусство из видов самое синтезом являтся кино Каракалпакский кино искусство из нашей искусство самый младшый искусством являеться Каракалпакское кино В Караркалпакстане появился не оченто-не много времини значить появился история кино тоже появился не давно. XIX-веке основоположник узбекского кино знаменитый оператор Худойберган Девонова свое время были сняты кадры поэта Каракалпакии Аббаза Дабылова 1935-1940 г.г. .в те времена он сам снял первый свой операторские работы.в Узбекистане кино искусству продолжал знаменитый мастер кино оператор Малик Каюмова был учеником Нагмет Даукараев он был единый основоположником Каракалпакского кино.Нагмет Даукараев оператор режиссёр сценарист какой профессия относиься в кино со всеми управлял в Каракалпакском республике народное хозяйство литература и искусство ускоронном темпе развития считалосьиз жизни Каракалпаков был важнейнешим вопросом того времени.из кабинета министров республики Узбекистана по делам киноматографи и государственный комитета 1970-года 19-февраля №45 указа внукусе открыться филиал узбекой кино хроники. Научн популярный и документальный фильмов*

***Ключевые слова***: *киностудия ,сценарий фильм оператор киноаппарат режиссёр дубляж синхрон процесс актёр искусство сцена профессиональ ученик.*

# FROM THE HISTORY OF "KARAKALPAKFILM" FILM STUDIO

***Abstract.*** *The well-known writer Chingiz Aitmatov cinema art from the types of the most synthesis is cinema Karakalpak cinema art from our art the youngest art is Karakalpak cinema In Karakalpakstan did not appear very much-not much time to mean the history of cinema also appeared not long ago. In the nineteenth century, the founder of Uzbek cinema, the famous cameraman Khudoibergan Devonova, shot footage of the poet of Karakalpakstan, Abbaz Dabylov, 1935-1940. at that time, he himself shot his first camerawork.In Uzbekistan, cinema art was continued by the famous master of cinema cameraman Malik Kayumova was a student of Nagmet Daukaraev, he was the sole founder of Karakalpak cinema.Nagmet Daukaraev cameraman director screenwriter what profession was related to cinema with everyone managed in the Karakalpak Republic the national economy literature and art at an accelerated pace of development considered the life of the Karakalpaks to be the most important issue of that time.from the Cabinet of Ministers of the Republic of Uzbekistan for.*

***Keywords****: film studio, script film operator camera director dubbing synchronous process actor art scene professional student.*

## КИРИСИЎ

Өзбекстан Республикасы Ғәрезсизликке ерискенли берли көркем-өнер Театр Әдебият музыка ҳәм тағы басқа тараўлардағы киби жаңалықлар кино тараўында да бираз жаңалықларға толы болды. Әсиресе кино тараўында жүз берип атырған жетискенликлерди айтатуғын болсақ «Қарақалпақфильм»индеги исленген фильмлер буның айқын дәлили болады. Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёевтиң 7-август 2017-жылғы ПК-3176 санлы Миллий кинематографияны жәнеде раўажландырыў ис-илажлары ҳаққындағы қарары сондай-ақ Өзбекистан Министрлер Кабинетиниң 2017-жылғы 28-декабрдеги 1030-санлы «Өзбек кино» Миллий агентлиги искерлигин шөлкемлестириў бойынша қосымша ис-илажлары ҳаққындағы қарары сыяқлы ҳүкиметлик ҳүжжетлердиң Мәмлекетлик дәрежедеги дыққат итибардың арқасында кино тараўында үлкен өзгерислер жүз бермекте.

## МАТЕРИАЛЫ МЕН ӘДІСТЕРІ

Белгили жазыўшы Шингыс Айтматов кино-өнерин көркем-өнер түрлериниң ишиндеги ең синтези деп атаған еди.{О.А М.Юсупбаев дала жазыулары информатор №3 О.Абдурахманов Нокис каласы 2022ж.}Себеби синтез бул барлык коркем онерлердин жыйнагы болып табылады.Озбекистан республикасы президенти Ш.М.Мирзиёевтин ПК-3176 карары тийкарында Узбекфильм хам Каракалпак фильм хам тагы баска кино тарауындагы студиялардын ускенелери тозганлыгын айтып отип хам Каракалпакстанда кино тарауы бойынша маман канийгелердин жетиспеуин есапка ала отырып Мамлекетимиз президенти кино тарауына бир канша каржылар ажратканлыгы жуда максетке мууапык болды десек асыра айткан болмаймызҚарақалпақ кино өнериде бизиң көркем-өнер тараўының ишиндеги ең генжетайы болып есапланады.. Қарақалпақстанда кино өнериниң пайда болғанына онша көп уақыт болмағанындай буның тарийхыда узын еместей көринеди. XIX-әсирдиң басында «Өзбек кино» сының тырнағын қалаған кино документалисть белгили кино оператор Худайберган Девоновтың түсирген кадрларынан көплеген дереклер шығып атыр. Өзбекстан кино архивинде Худайберган Девонов тәрепинен түсирилген 1940-жыллары суретке алынған Аббаз Дабыловтың кадрларын ушыратамыз [Оразбай Абдурахманов] 1935-1940 жыллары өз операторлық жумысын

баслаған Өзбекстан Республикасында кино тараўын раўажландырған белгили кино шебери Малик Қаюмовтың шәкирти Нағмет Дәўқараев Қарақалпақ кино көркем-өнериниң бирден-бир тырнағын салыўшылардан болып есапланады. Нағмет Дәуқараев оператор режиссёр сценарист киноға тийисли қандай маманлық болса барлығында ийелеген инсан болып табылады. О.А. Қарақалпақстан Республикасы халық-хожалығы әдебият хәм көркем-өнериниң тез пәт пенен раўажланып киятырғанлығын есапқа ала отырып ҳәм қарақалпақ халқының өмирин кинематографияда хәр тәреплеме сәўлелендирип барыў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Кинематография бойынша мәмлекетлик комитетиниң 1970-жыл 19-февральдағы №45-қарары менен Нөкисте Өзбекстан хүжжетли хәм илимий-көпшилик фильмлер киностудиясының Қарақалпақстан филиалы ашылды. Өз алдына хожалық есабындағы кәрхана сыпатында киностудия 1970-жылдың 1-Апрелинен жумыс баслады. Дәслепки жыллары Кино студияға 4- филмди Қарақалпақ тилине аударыў Қарақалпақстан кино журналының 4- санын хәм 2 хүжжетли фильм суретке алыў жоба етип белгиленди.

**НӘТИЖЕЛЕР**

Кино бизиң аймағымызда дәслепки қәдеми 19-әсирдиң басларында Хийуа ханының суретшиси (фотографы) Худойберган Девонов (1878-1940) тәрепинен пайда бола баслаған. Еле халқымыз кино ҳаққында түсиникке ийе болмаған бир ўақытта 1907-1908 жыллары ол Москва хәм Санкт-Петербург қалаларынан Телескоп Граммофон фото хәм кино аппаратларын алып келип Хийуа хәм Ургенч қалалары базарларында адамлар арасында кең усыныс еткен Ол өзбек кино өнериниң дүньяға келиўине имкән жаратқан. [Б.Ахмедов Кино Қарақалпақстана Академия Ташкент 2011 стр 4] Қарақалпақстан киностудиясы имараты ҳәм ондағы алып барылған жумыслар Малик Қаюмовтың қоллап-қууатлаўы менен басланған Қарақалпақстанда биринши мәрте 1937-жылы Совет Қарақалпақстаны атлы толық метражлы хүжжетли фильм суретке алынған. Режиссёр Д.Васис операторлар А.Зилберник А.Рахманов. Қарақалпақ халқының сиясий–экономикалық мәдений турмысын суретлеўши биринши фильм [р,с,] 1970-жылдың орталарында қарақалпақ кино көркем-өнери тез пәт пенен раўажланды. Бул дәўир әсиресе 1975-жылы Нөкисте Хүжжетли фильмлердиң республикалық фестивалы өткерилиўи хәм усы кинофорумда қарақалпақ киношыларының Абдуллаев Шыңы (Вершина Абдуллаева, режиссёр-оператор Нағмет Даўқараев) фильминиң ең жақсы хүжжетли фильм дипломына миясар болыўы менен айрықша есте қалды. Буннан басқада көплеген фильмлер шет ел сапарында болып республиканың мәдений турмысына байланыслы фильмлер жаратты. Режиссёр-оператор Нағмет Даўқараевтың Югославиядағы ушырасыўлар хүжжетли фильми бунның айқын дәлили бола алады.

Белгили режиссёр Таласбай Абдиреимов 1973-жылы Островский атындағы Ташкент мәмлекетлик театр хәм Суретшилик институтын табыслы тамамлағаннан сон Ўзкино хроника Қарақалпақстан филиалына режиссёр болып жумысқа қабыл етиледи себеби студент ўақытларында Ташкентте Ўзкинохроника Қарақалпақстан филиалы тәрепинен тусирилген хужжетли фильмлерди қарақалпақ тилине аударыў ушын дубляж жумысларында көбирек қатнасқаны ушын сол уақытағы филиал директоры Камал Мамбетов болажақ режиссёрда таланттың барлығын алдын ала билген. 1973-жылы Қарақалпақлардың Россияға қосылғанына жуз жыл толыў мунәсибети менен еки болимнен ибарат хужжетли фильм сўркетке алынады. (Наука и культура Каракалпакстана

фильмнин сценарий авторы Камал Мамбетов, режиссёры Румия Шарифджанова, оператор Уктам Ризаев, режиссёр- ассистент Таласбай Абдиреимов, Суретке алыу топар менен биргеликте Т.Абдиреимов оз жумысын баслайды.Төрт ай даўамында суретке алыў жумыслары болады Төрткулден тап Мойнаққа дейин барады. Қарақалпақтын барлық жерин Газ-69 маркалы машина менен аралап шығады. Бул фильмде тийкарынан илим өндирис пахташылық салыкершилик медицина мәдeният ҳәм тағы басқада сюжетлер болып Қарақалпақтың раўажланыўын кинода саўлелендирген Республикалық емлеўханада операция процесслерин суретке алады. Бурынғы аўқамның халық артисти (СССР халық артисти) Айымхан Шамуратованың дөретиўшилигинде суўретке алады. Москвадан белгили артистлер Нонна Мордюкова, Валентина Толкунова, Георгий Жжоновлар Қарақалпаққа келеди белгили талант ийеси халық артисти А.Шамуратованын уйинде мийманда болады ҳәм фильмге суретке туседи. Евгений Жжонов сол даўирдеги жақсы фильмлер қатарынан орын алган «Экипаж» фильминде бас қахарман образын дөреткен актёр 1973-жылы 7-ноябрьде уллы байрамды белгилеп болғаннан сон Москваға қайтып кетеди (М.Ю.) Бул Т.Абдиреймовтың қатнасқан биринши хужжетли фильми болып есапланады. Буннан сон 1975-жылы Узбекфильм тәрепинен суўретке алынған «Буйный лебедь» деген көркем фильмде режиссёр ассистенти болады. Фильм Мойнақта суретке алынады. Мойнақтағы балықшылар турмысынан «Буйный Лебедь» фильминиң режиссёры Музаффар Агамирзаев операторы Н.Левицкий фильм корабльдин атына қойылған фильм болып тийкарынан Мойнақтағы балықшылар турмысын суретлеўши фильм болып есапланады. 1973-жылы Узкинохроника Қарақалпақстан филиалынынын директоры К.Мамбетов Т.Абдиреймовты дубляж режиссёры етип сайлайды Ташкенттен уйренгенлерин бар иним деп жумыс тапсырады. Сол уакытлары Ташкенттен келген режиссёр Нариман Талипов пенен бирге уш төрт фильмди бирге дубляж ислейди сон К.Мамбетовка болды енди өзим ислеймен деп Қарақалпақ киносынын дубляжын өз мойнына алады ҳәм <ждём тебя парень> ўзбекфильмде тусирилген фильмди рус тилинен Қарақалпақ тилине аўдармалайды бас қахарманнын даўысын актёр Мамбетбай Садыков даўысқа туседи бул Т.Абдиреймовтын дубляж режиссёры сыпатында исленген биринши дубляж жумысы еди (М.Ю.) 1973-жыллары даўысқа тускен сон фильмнин плёнкаларын Ташкентке алып кетип сол жерде қайта жазыў (перезапись м.ю.) болатын, еди бес алты плёнканы бирден синхронно аппараттан өткерип актёрлардың даўысы бир бөлек музыка шум бир бөлек кеийинен бес алты плёнканы қосып бирге жазылатын еди плёнкалардың барлығын бир жерге жыйнап барлық даўысты бир плёнкадан шығарар еди қайта көшириў болғаннан кеийин ғана фильм таяр болатын еди. «Т.А» 1973-жылы Ўзкинохроника директор орынбасары Шамсиев Нөкиске келди ҳәм мен ислеген фильмниң көркемлик кенеси (худ совет) болыўы керек еди худ советке Камал Мамбетов Шамсиев Жолмурза Аймурзаев Узакбай Жалменов Нағмет Даўкараев Сатбай Алланазаров Азат Шарипов х.т.б. қәнийгелер биргеликте дубляж исленген фильмди көрип ҳәм қабыллап алады. Кенес сонында Узакбай Жалменов қолын көтерип сөзге шығады мынадай етип усы ўақытқа дейин хеш бир фильм дубляж исленген жоқ болады екенго фильмниң хеш бир жеринде кемшилик көринбейди деп мақтаў сөзлер менен басланып кетеди сонынан жас дубляж режиссёрының ислеген жумысын отырғанлар сөзге шығып бәри мақтаў сөзлер айтып Таласбай Абдиреймовка дубляждағы жумысларына табыслар тилеп қутлықлайды. Ташкентте Малик Каюмовтын өзиде Т.Абдиреймовты дубляж жумыслары бойынша

жақсы қәнийге ретинде хурмет ететуғын еди. Т.Абдиреймов сол жыллары дубляжға Қарақалпақ тилине аударыў ушын сол уақтағы жас актёрлар Жалгас Султабаев Райхан Сапарова Есимбет Саекеев Мамбетбай Садыков Бийбихатша Кайыпова Казакбай Отегенов Тазагул Шамуратова х.т.б. актёрларды дубляжга тусиуге шақырар еди.

1985-жылы Оразбай Абдурахманов Әмиудәрья журналында редактор болып ислеп атырған ўақытлары журнал редакциясына режиссёр оператор Баҳадыр Музаффаров кирип келеди ҳәм бир сценарий жаздырып алады. Мине сол уақытлардан баслап О.Абдурахманов ҳәм Б.Музаффаровлардың кино тараўында бирге ислеў процесси басланады. О.Адурахмановта киноға деген қызығыушылық арта басмлайды. 1988-жылы Себанов тәрепинен жазылған Арал-қум атлы сценарий Москвада жазылып оны Мойнақта түсириу шөлкемлестириледи. О.Абдурахманов фильм сценарийин қайтадан жазып шығады ҳәм Б.Музаффаров пенен биргеликте суўретке алыў жумысларын баслап жибереди .Суретке алыў тамамланып Ташкентте студияда текст жазылады ол уақытлары студияның директоры Дауран Сәлимов еди (О.А.) Азаннан кешке дейин жазған текстлер Д.Салимовқа унамайды. Оқып көрип не подходит деп қайтарып берер еди. Кинохроникада он күн даўамында Арал- қум фильми ушын текст жазылады. Соңынан буны кадр артында оқыу ушын рус тилинде жақсы сөйлейтин жетик маман керек болып излейди. Ташкенттен адам табылмаған соң Москвадан белгили жазыушы Юрий Николаевич Черниченко оқыйды. О.Абдурахманов 1979-жылы Москвада хызмет сапарында Ю.Н.Черниченко менен танысады. Бурынғы дослығы хүрмети Черниченко тексттиң бәрин оқыйды. Ол уақытлары кино проекттиң ҳәм планлардың бәрин Москва тастыйықлап беретин еди дейди [О.А.] 1988-жылы ноябрь айында Узкинохроника Нөкис филиалы студиясына Оразбай Абдурахманов директор болып келеди.’’ Аралкум’’ фильминиң суретке алыу ҳәм монтаж жумыслары тамамланғаннан соң О.Абдурахманов дөретиўши топар менен бирге Москваға даўысқа түсиуге келеди ЭРА деген киноаппарат ауырлығы 70-80 кг шамасын дағы кино үскенелери ҳәм камераны алып студияға келеди. Фильмниң қалған жумысларының ҳәммеси Москва қаласында өтер еди. Ю.Н.Черниченко менен ‘‘

“Огонёк” журналының редакциясында ‘’Правда’’ газетасының: имәратында ушырасады. Сол жерде Черниченко киноаппаратты көрип биз киноның музейин шөлкемлестирип атыр едик бул бизге керек аппаарат екен бул үскенелериңди бизге таслап кетиң деп өтиниш етеди 1988-жылы ‘’Аралкум’’ фильмин болғаннан соң аппаратларды таслап кетесиз дегеннен соң ойласық пенен таслап кетсе өзи ислеп турған жалғыз аппарат оннанда айрылып қалсақ ийинге асатын ‘ Конвас’ деген аппаратлар еле келмеген еди Нөкисте жоқ ал Ташкенттен келгенлерден көретин едик дейди (О.А.)1988-жылы‘’ Останкино’’ Москва орайлық телевидениесинен Ю.Н.Черниченконың қәтереси менен төрт мәрте эфирден бериледи. Черниченко Сельская жизнь деген көрсетиўди алып барады екен Москва Орайлық телевидениесин бурынғы ауқасның он бес Республиканың барлығы көретин еди. 1988-жылы Арал Қум хүжжетли фильмди жуумаклағаннан соң 1989-жылы Б.Музаффаров О.Абдурахмановқа кинохрониканы еледе кеңейтиўди усыныс етеди. О.Абдурахманов Ташкентке кино үскенелер менен тәмийнлеп бериўин өтиниш етип хат жазады бирақ Ташкенттен хеш қандай хабар жоқ хатты оқып та көрмейди. 1989-жылы декабрь айында Москваға киношылардың 7-сьездине шақырады. Сол жыллары Тахир Гулямович Шамсиев киноның министри болып ислейтин еди [О,А,] Бурын сьездге бир адам қатнасатын болса енди Қарақалпақстаннан еки адам қатнасады Оразбай

Абдурахманов хәм режиссёр Пердебай Қайыпов. Сьездде О.Абдурахманов сөз алып сөйлегиси келеди бирақ Тахир Гулямович Шамсиев өзим сөйлеймен деп буларға нәубет жетпейди. Абдурахмановтың ишиндеги киноның дәртлери калай болмасын сөзге шығыў болып сөзге шығыудың жолларын излестирп баслайды. Сьезд үш күн даўам етеди соң залдағы қатнасыушылардың қолын көтерип сөзге шығып атырғанларын көрип О.Абдурахманов шыдамай қолын көтерсе буны итибарға алмайды ақыры болмаған соң төменге президиумға түсип секретариатқа барады ол жерде қырғыз миллетиниң бир қызы отырады О.Абдурахманов маған сөйлеуге болама деп сорайды әлбетте болады деп жуўап береди ҳәм қырғызшалап ҳәзир президиум аумасады сол сол аумасқан уақта столды урып сөйлеңдейди О.Абдурахманов президиум аумасқан уақытта столды урып Почему мне словоне дадите я с Арала деп шауқым шығарады Сол уақта Шерлок Холмс фильмин суретке алған режиссёр Ленинград киностудиясынан «Ленфильм» киятыр екен ол Абдурахмановқа Млодой человек успокоитесь часъ разберёмся деп айтады соңынан енди орнына барып отырар уақытта президиумнан Слово предоставляеться товарищу Абдурахманову деп дағазалайды дәрҳал трибунаға жууырып шығады.

**ТАЛҚАЛАУ**

Мен Оразбай Абдурахманов Каракалпакстанда киностудия филиалының директорыман ҳүжжетли фильмлер шығаратын студия мениң сауалым 1)бул бир халықтың миллий өнери болған кино көркем–өнери болса сол халықтың басқа халықтың филиалы болғаны сол дурыс болама дейди; 2) мәселе Каракалпакстанда Москвада кино тараyы бойынша оқыған адам жоқ .Дүньяда алты жүзден аслам кәсип болса киноның өзинде алты жүз кәсип бар ВГИК (Всесоюзный Государственный Институт Кинематография)тиң елиу жыллығына арналған дизимди оқып танысып алады ВГИК Эфиопияға отыз (30) қәнийге таярлап берген екен Совет Қарақалпақстанына бир адам булда жоқ еле соларды күйип-писип айтады сонда бизлер оқыуға кириуимиз ушын Африкадан айланып қайтайықпа дейди зал толы күлки болады. О.Абдурахмановты қоллап- қууатлаушылар орынларынан турып қол шаппатлайды әсиресе кавказлылар хәм татарлар қоллап турады. 3) мәселе Бизде кино түсиретин аппарат жоқ Ташкенттен шыққан гөне сынған аппаратларды Нөкиске жибереди тозған аппаратлардың кладбищеси емесғой бул деп күйип-жанып сөз сөйлейди 4) мәселе Усы филиалдың базасында ВГИКте целевой Қарақалпақ группасын ашыу баяғы 1930–жыллардағыдай бир группа актёрлар оқыған болса тап сондай Қарақалпақстанлы жасларды кино шеберлери етип таярлап берсе (залда қол шаппатлаўлар узақ дауам етеди) Мине усындай тартыслардан соң Қарақалпақфильм дәрежесине аңсатлық пенен ерисилген жоқ 1990-жылы Москваның буйрығы менен Өзбекстанның буйрығы хәм Министрлер Кеңесиниң Қарары менен плановый бөлимде бурын киностудияда штат кесиминде 12-адам болған болса енди штат кесиминде 46-адам болды. Буйрық шығарылып «Қарақалпақфильм» директоры лаўазымына Оразбай Абдурахманов сайланады.

**ҚОРЫТЫНДЫ**

Қаракалпақфильм киностудиясы жас болыўына қарамастан басқа республика киностудиялары менен бирге тендей қәдем таслап киятыр .Биз жасларға исенемиз себеби келешек жаслар қолында Өзбекстан Президенти Ш.М.Мирзиёев жасларды қоллап–қуўатлаў ушын бир қанша қарар хәм парманларды шығарды. Мине бугинги жаслар кино

көркем-өнерин раўажландыратуғынына биз исенемиз себеби бугинги жаслардын хәр бири өзлеринин пикирине ийе келешек те кино тараўын раўажландырады деп биз исенемиз.

**REFERENCES**

1. Кино Қарақалпақстана Академия Ташкент 2011 с4.
2. Президент қарарлары. Әмиудәрья, 2018. №3.3- бет
3. Кино маҳорат поғоналари. Академия. Ташкент,2010 , с. 24.Б.Ахмедов.
4. Режиссура Асослари .Узбекистон миллий энциклопедияси Давлат илмий нашриёти Тошкент-2008 186-б Ж.Махмудов.Х.Махмудова.
5. Дала жазыўлары. Информатор №1. Таласбай Абдиреймов.Нокис каласы2022ж М.Юсупбаев.
6. Дала жазыўлары. Информатор№2. Оразбай Абдурахманов.Нокис каласы 2022 ж М.Юсупбаев
7. Дала жазыулары Информатор№3 Оразбай Абдурахманов Нокис каласы 2022 жМ.Юсупбаев.